

REJIS FLORIDA POU MOUN KI GENYEN FIBWÒM NAN MATRIS

Kesyon Yo Poze Souvan: **Pasyan yo**

K Kisa Rejis pou moun ki gen fibwòm nan matris la ye?

Rejis pou moun ki gen Fibwòm nan matris la kreye dapre seksyon 381.9312, Eitati Florid yo (Florida Statutes). Pwojè lwa sa egzije Depatman Sante Florid la (Depatman) pou l devlope epi kenbe yon rejis elektwonik pou moun ki gen fibwòm nan matris yo. Li di nan pwojè lwa sa a:

- Founisè Swen Sante yo gen devwa pou yo soumèt enfòmasyon ki gen rapò ak fibwòm nan matris yo bay Depatman Sante a yon fason pou l antre yo nan rejis la.
- Depatman Sante a gen pou devwa elabore materyèl edikatif ki gen rapò ak fibwòm ki disponib pou piblik la.

K Poukisa yo kreye rejis sa?

Yo kreye rejis sa pou ede rechèch k ap fèt sou dyagnostik ak tretman fibwòm nan matris yo.

K Ki enfòmasyon k ap genyen nan rejis la?

- Kantite fanm dyagnostik revele ki gen fibwòm nan matris nan eta a.
- Karakteristik fanm sa yo dyagnostik revele ki fè fibwòm nan matris nan eta a.
- Dyagnostik, tretman, ak pwosedi founisè swen sante nan eta a itilize pou konbat fibwòm nan matris.

K Èske enfòmasyon m yo ap rete prive?

Oui, tout enfòmasyon pèsonèl ki ka idantifye w ap rete prive.

K Ki kote m kapab jwenn plis enfòmasyon konsènan fibwòm nan matris ak rejis pou moun ki genyen fibwòm nan matris yo?

- Vizite sit entènèt la: **UterineFibroidsFL.com**
- Imèl: **UterineFibroids@flhealth.gov**



Aprann plis lè w vizite: **UterineFibroidsFL.com**



Florida
HEALTH